

**Avi sou enfòmasyon ki nan anyè 2024-2025 ak fòm refi pou  
(Opt Out Form *National Student Clearinghouse*, NSC)**

Dapre lwa edikasyon sou dwa ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), yon lwa federal, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYC DOE) pa ka bay okenn enfòmasyon ki idantifye yon elèv san konsantman. Sepandan, gen kèk enfòmasyon yo rele “enfòmasyon ki nan anyè”, yo ka pataje yo nan kèk ka. **NYC DOE pataje “enfòmasyon ki nan anyè” avèk NSC. Enfòmasyon ki nan anyè yo ka pataje se non ak dat nesans elèv ki te kòmanse klas 9yèm ane an 2024-2025, ak tout lòt elèv ki te nan lekòl segondè DOE ant 2002 ak 2024.**

NSC gen done kote elèv ale nan kolèj ak ki tip diplòm yo resevwa nan plis pase 3600 kolèj ak inivèsite. NSC itilize enfòmasyon ki nan anyè NYC DOE a pou li idantifye ansyen elèv NYC DOE ak pou bay NYCDOE enfòmasyon sou kote elèv sa yo te ale nan kolèj, kilè yo te ale nan kolèj, kilè yo te gradye ak ki tip diplòm yo te resevwa. NYCDOE itilize enfòmasyon an pou ede konprann ak amelyore preparasyon ak siksè elèv pou kolèj.

**Kòman pou refize yo pataje enfòmasyon ki nan anyè a avèk NSC.**

NYC DOE ap bay NSC enfòmasyon nan anyè a ki gen non, klas ak dat nesans elèv ou a, amwenske ou di NYC DOE pou li pa fè sa. Pou di NYC DOE pou li pa bay NSC enfòmasyon sou elèv ou a ki nan anyè a:

1. Si ou pèmèt NYC DOE pataje enfòmasyon ki nan anyè sa a, ou pa bezwen fè anyen.
2. **Si w vle “opt out” pou yo pa divilge enfòmasyon w** (sa vle di, si ou **pa** vle pou yo pibliye enfòmasyon ki nan anyè sa a), ranpli fòm sa a **pa pi ta pase Vandredi 14 fevriye 2025** epi voye l bay direktè lekòl pitit ou a. Si w gen plis pase yon timoun nan sistèm lekòl NYCDOE a, ou dwe voye yon fòm pou chak elèv.
3. Yon elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti ki pa vle yo divilge enfòmasyon ki nan anyè sa a dwe ranpli fòm lan epi siyen l limenm. Dapre FERPA, siyati yon paran oswa yon responsab p ap bon.
4. Si ou voye fòm sa a, yo p ap divilge enfòmasyon ki nan anyè a amwenske ou anile refi w la. Si w vle anile yon opt out ou dwe ekri direktè lekòl pitit ou a (yo) pou di sa.

Kopi avi sa a ak fòm lan disponib nan lekòl pitit ou a, epi ou ka jwenn yo sou entènèt nan <https://www.schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/national-student-clearinghouse-notice-and-opt-out-form>. Tanpri kontakte lekòl la si w gen nenpòt kesyon sou fòm sa a.

*Tanpri ranpli fòm sa a epi siyen la a **sèlman si w vle opt out** pou yo pa bay National NSC enfòmasyon:*

- Mwen menm elèv yo site pi ba a, mwen gen pou pi piti laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay NSC non m, klas m ap fè ak dat nesans mwen.
- Mwen se paran/responsab elèv ki gen non li pi ba a, ki poko gen laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay NSC non, klas ak dat nesans pitit mwen an.

Siyati Paran/responsab la si elèv la poko gen laj 18 ane

Siyati elèv la si l gen laj 18 ane pou pi piti

<b>Antre enfòmasyon elèv la pi ba a:</b>			
<b>Non elèv la:</b>	<b># OSIS:</b>	<b>Nivo klas:</b>	<b>Dat nesans (MWA/JOU/ANE):</b>
<b>Non paran/responsab:</b>	<b>Non lekòl (ak Borough):</b>		